



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON AN TE KÒMANSE NAN
DEVLOPMAN LOJMAN KI KOUTE 44 MILYON DOLA POU GRANMOUN AJE NAN
YONKERS**

***La Mora Senior Apartments pral pote 60 nouvo apatman abòdab nan Sid Yonkers
nan bilding ki trè efikas pou enèji***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse konstriksyon yo kòmanse nan yon devlopman ki koute 44 milyon dola ki pral kreye 60 kay ki efikas pou enèji ak abòdab pou granmoun aje yo nan Sid Yonkers. Devlopman an, ke yo rekonèt kòm La Mora Senior Apartments, ranplase yon pwopriyete degrade avèk yon bilding dirab ki gen karakteristik modèn.

"Pwojè sa a pral ede asire ke granmoun aje nan Yonkers gen yon kote ki an sekirite, konfòtab pou yo viv nan kominote dinamik ke yo rele lakay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kòm yon pati nan plan lojman 25 milya dola administrasyon mwen an, Eta a pral kontinye dedye resous ki nesèsè yo pou kreye bon kalite kay kote Nouyòkè ki pi aje yo ka viv avèk diyite ak lapè nan tèt".

La Mora Senior Apartment fè pati plan elaji Gouvènè Hochul pou rann lojman pi abòdab, pi ekitab, epi pi estab. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te prezante ak reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola ki pral ogmante rezèv lojman an gras ak kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Sitiye nan katye Hollow nan Sid Yonkers, devlopman an pral konstwi sou yon pasèl ki vid depi lontan ke Otorite Lojman Minisipal Vil Yonkers (Municipal Housing Authority of the City of Yonkers, MHACY) te achte. Bilding kat etaj la pral gen ladan 57 apatman ki gen yon sèl chanmakouche ak twa apatman ki gen de chanmakouche. Tout 60 apatman yo pral nan pri abòdab pou rezidan ki gen 62 ane ak plis ki gen revni yo ki nan 60 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan.

La Mora Senior Apartments konsevwa yon fason pou l trè efikas pou enèji ak respekte kritè sètifikasyon Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Lojman (New Construction Housing Program), Energy Star, Kominote Vèt Enterprize (Enterprise Green Communities, EGC) ak Passive House Insitute Otorite sou Rechèch ak Devlopman

Enèji Eta New York (New York State Energy, Research and Development Authority, NYSERDA). Tout apatman yo pral gen ladan enstalasyon plonbri avèk fèb sikilasyon, aparèy Energy Star, chofaj ak refwadisman elektrik endividyèl ki gen gwo efikasite, ak ekleraj LED. Bilding lan pral gen yon anvlòp ki gen gwo efikasite, fenèt izole avèk doub vitraj, ak yon sistèm santral chofaj ak distribisyon dlo cho. Yon jeneratè ijans pral asire ke sistèm yo nan bilding lan rete operasyonèl nan ka yon blakawout.

Rezidan yo pral gen aksè a sèvis yo bay Biwo Yonkers pou Vyeyisman (Yonkers Office for the Aging), tankou jesyon ka, manje yo livre lakay yo, asistans avèk pwogram sou dwa, transpò, pwogram sansibilizasyon sante, aksè nan sant nitrisyon, pwogram rekreyasyon ak egzèsis, ak Kowòdinasyon livrezon makèt ak famasi. Biwo pou granmoun aje ak Depatman Pwogram ak Sèvis pou Granmoun Aje nan Konte Westchester pral finanse sèvis yo.

Katyè alantou ki pi pre a gen ladan plizyè pak piblik ak yon teren gòlf, epi devlopman an pral toupre Lopital ak Sant Medikal St. Joseph. Rezidan yo pral kapab tou jwi espas komen andedan ak deyò sou plas.

MHACY ak Mulford Corporation ap devlope ansanm La Mora Senior Apartments, yon sosyete devlopman charitab 501(c)(3) ki san bi likratif ke MHACY te kreye an 2004.

Finansman Eta pou La Mora Senior Apartments enkli 17 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal, Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb yo ki pral jenere 17.7 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 9.1 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la. NYSERDA ap bay 240,000 dola. Konte Westchester ap bay 3.4 milyon dola nan Fon pou Egzekisyon Lojman (Housing Implementation Fund, HIF) an epi vil Yonkers ap bay 650,000 dola nan fon HOME. MHACY te bay yon prè 2.6 milyon dola.

Nan dènye senk ane yo, HCR te investi plis pase 331 milyon dola pou kreye ak prezève apeprè 2,400 kay abòdab nan Yonkers. Sa gen ladan Landy Court, ki kounye a bay 80 apatman abòdab, ki gen ladan 48 avèk sèvis sipò toupre Anba Lavil Yonkers, ak 172 Warburton nan Ridgeway, ki te kreye 85 nouvo apatman.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "La Mora Senior Apartments kontinye investisman nou an nan agrandi òf kay abòdab bon jan kalite nan Yonkers, kote plis pase 2,400 nouvo kay te kreye pandan senk dènye ane yo. Dènye investisman nou an pral amelyore kalite lavi pou plis pase 60 granmoun aje, pandan l ap finalman sèvi ak yon pwopriyete ki te vid depi lontan nan katye Hollow nan Yonkers. Avèk yon konsepsyon vèt ak ekipman adapte pou granmoun aje yo, pwochen rezidan yo pral kapab viv ak pwospere nan kominote yo rele lakay yo. Mèsi a patnè nou yo nan Otorite Lojman Minisipal Vil Yonkers, Mulford Corporation, vil Yonkers ak Konte Westchester paske yo te ede fè nouvo devlopman sa a tounen yon reyalite".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Devlopman ak Rechèch sou Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA kontan wè konstriksyon ap kòmanse nan La Mora Senior Apartments, ki apre li fini, pral bay aksè nan lojman abòdab ki elektrik nèt pou granmoun aje ki gen revni fèb nan Yonkers ki sen, rezistan ak efikas pou enèji pou amelyore konfò ak yon eksperyans lavi agreyab. Pwojè sa sipòte angajman Gouvènè Hochul pou genyen de milyon kay ki adapte pou klima pandan l ap asire ke Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo benefisye envestisman enèji pwòp yo".

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Jwenn lojman abòdab se youn nan pi gwo obstak ke granmoun aje yo nan distri mwen an fè fas. Anpil granmoun aje nan Yonkers gen revni fiks ki souvan pa ba yo anpil fleksibilite nan yon mache lojman pou lokasyon ki toujou ap chanje ak chè. Inite sa yo ki disponib pou plis pase 60 nan vwazen nou yo isit la nan Yonkers pral bay elektè m yo yon kominote ki rezistan ak klima, aksesib, epi ki abòdab pou toutan pou yo ka vyeyi sou plas. Mwen fyè pou m sipòte efò sa a epi mwen angaje pou mwen rann lojman pi aksesib ak abòdab pou tout moun".

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Lè li fini, La Mora Senior Apartments pral ede asire ke plis granmoun aje ki gen revni fèb nan Yonkers pral gen opsyon lojman ki an sekirite, dirab, bon mache ak sèvis ki nesèsè yo pandan l ap revitalize tou katye Hollow nan Yonkers ki nan alantou a. Mwen kontan pou m dirije Sena Eta a ki konsantre sou fason pou kreye plis lojman abòdab ak aksesibilite pou Nouyòkè yo isit la ak atravè eta a",

Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare, "Granmoun aje Yonkers yo merite aksè nan lojman abòdab, se poutèt sa mwen te toujou vote an favè ogmante sipò finansye Eta a pou pwojè tankou La Mora Senior Apartments. 60 nouvo apatman ki efikas pou granmoun aje yo se yon bon nouvèl pou Yonkers epi mwen bat bravo pou travay Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) New York la, Otorite Lojman Minisipal Vil Yonkers, pwomotè The Mulford Corporation ak òganizasyon patnè ak konpayi k ap travay pou fè inogirasyon sa a tounen yon reyalite".

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Youn nan reyalizasyon pi fyè administrasyon mwen an se te travay pou kreye opòtinite lojman abòdab pou rezidan nou yo atravè Westchester, espesyalman pou granmoun aje nou yo. La Mora Senior Apartments nan Yonkers pral ede nou adrese yon bezwen kritik nou genyen, epi ede granmoun aje nou yo santi yo ka enstale yo nan Konte nou an. Nou rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul ak patnè nou yo nan Biwo Renouvèlman ak Kominotè Eta New York la paske yo te reyalize pwojè sa a, epi nou espere retounen pou yon seremoni inogirasyon ki pral gen yon enpak dirab sou kominote Yonkers la".

Mike Spano, ki se Majistra Yonkers, te deklare, "Mèsi ak envestisè Eta New York ak prive ki te reyini ansanm pou ede Vil Yonkers amelyore lavi tout rezidan nou yo pandan n ap kontinye revitalize katye nou yo. Pandan n ap wè lojman k ap ogmante bò rivyè a, li enpòtan tou pou nou bay menm bon jan kalite lojman atravè vil la, espesyalman pou granmoun aje nou yo ki te fè anpil pou kominote nou an".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Lojman Minisipal Vil Yonkers , Wilson Kimball, te deklare, "La Mora Senior Apartments se yon egzanp sa ki ka fèt nasyonalman pou enkòpore karakteristik dirab nan lojman abòdab. Granmoun aje nou yo dwe pwoteje kont ravaj chanjman klimatik yo, tankou inondasyon nan zòn ki toujou ap souffri anba pratik ansyen diskriminasyon yo ki te afekte katye iben yo. Karakteristik konsepsyon tankou kay pasif ak jenerasyon enèji ijans sou plas yo enpòtan pou anviwònman an ansanm ak sekirite rezidan granmoun aje nou yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418